


# Kitab Suci Bocah nyuguhaké



## Dhaniel lan Guwa Singa



Ditulis déning: Edward Hughes

Digambari déning: Jonathan Hay  
Alastair Paterson

Dibesut déning: Mary-Anne S.

Diterjemahaké déning: Maryudha


Diproduksi déning: Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2023 Bible for Children, Inc.


Kowé duwé hak motokopi utawa nyithak crita iki,  
waton ora kanggo diedol.

Darius dadi raja anyar ing Babil. Dhèwèké pinter.  
Dhèwèké milih satus rong puluh wong sing paling apik  
ing kerajaane kanggo mbantu mrentah. Banjur milih

wong telu sing  
tanggung jawab.  
Dhaniel iku salah  
siji saka  
wong telu  
mau.




Raja Darius ngajeni banget marang Dhaniel, mula kepikiran arep njumenengake Dhaniel dadi panguwasa ing saindenging karajan.



3

Pemimpin liyane padha iri. Wong-wong mau arep nggoleki kaluputane Dhaniel, supaya bisa njalari Dhaniel dadi masalah karo raja.



4

Ora preduli carane, nanging para pemimpin ora nemoni sing ala babagan Dhaniel. Dhaniel setya marang raja ing kabeh tumindake. Uga, dhèwèké ngati-ati lan pinter, lan tansah nindakake sing paling apik.



5

Para pemimpin sing iri ngerti mung ana siji cara kanggo njebak Dhaniel. Wong-wong mau ngerti nek ora ana sing bisa ngalangi Dhaniel nyembah marang Gusti Allaha Israèl.



6

Para mungsuhe Dhaniel mikirke rencana. Banjur ngrancang undang-undang anyar sing kanggo ditandatangani dening raja. Angger-anggering karajan muni nek saben wong kudu ndonga mung marang Raja Darius. Sapa sing ora manut bakal dibuwang ing guwa singa!



7

Raja Darius nandatangani undang-undang anyar.



8


Undang-undang anyar iki ora ana pengaruhe kanggo Dhaniel. Dhèwèké tetep nindakake apa sing tansah ditindakake. Sedina ping telu ing ngarepe jendhela kang mbukak, dhèwèké ndedonga marang Gusti Allah ing swarga.



9

Para pemimpin sing iri, padha cepet-cepet matur marang raja.

Raja Darius ora duwe pilihan kajaba nyekel Dhaniel. Hukum kudu dituruti. Dhaniel kudu mati. Raja wis usaha, nanging ora bisa nemokake cara kanggo ngganti hukume.



10

Dhaniel dihukum mati kanthi dilebokake ing guwa singa. Sadurunge Dhaniel diuncalake marang singa kang luwe, raja Darius ngandika marang Dhaniel, "Gusti Allahmu, sing tansah mbok sembah, Panjenengané bakal ngluwari kowé!"



11

Raja ora bisa sare ing bengi iku. Esuk umun-umun, raja cepet-cepet bali menyang guwa singa.




12

Raja Darius nguuh-uwuh: "Dhaniel, abding Allah kang gesang, apa Gusti Allahmu kang tansah kokbekteni iku bisa ngluwari kowé saka singa?" Mungkin dhèwèké ora ngarep-arep wangsulan. Nanging Dhaniel mangsuli!




13

Dhaniel nguuh-uwuh, "Dhuh raja, Gusti Allah kawula sampun ngutus malaekatipun sarta nutup cangkeme singa-singa punika, supados kawula boten nandhang lara!"



14

Raja Darius seneng banget! Dhèwèké dhawuh supaya Dhaniel diunggahake saka ing guwa singa.



15

Raja ngerti Gusti Allah wis ngluwari Dhaniel lan mungsuhe Dhaniel kuwi tegese uga mungsuhe Gusti Allah. Dhèwèké menahi prentah, kabeh wong sing ngapusi dhèwèké supaya nandatangani angger-angger sing ala, dibuwang ing guwa singa. Singane langsung nguntal wong-wong mau.



16

Raja Darius pengen donya ngerti nek Gusti Allah ing Swarga wis nglindungi abidine sing setya, Dhaniel. Raja nulis layang kang dhawuh marang saben wong supaya padha nyembah marang Gusti Allah kang gesang. Lan raja mbalekake Dhaniel dadi pakurmatan lan kepemimpinan.



17

## Dhaniel lan Guwa Singa

Crita saka Pangandikané Gusti, Kitab Suci

bisa digolèki ing

Dhaniel 6

“Kawedharipun pangandika Paduka punika madhang’i.” Jabur 119:130

18

Crita Kitab Suci iki nyritaaké bab Gusti Allahé awaké dhéwé sing luar biasa, sing nitahaké kita kabèh, sing ngersaaké supaya kowé wanuh marang Panjenengané.

Gusti Allah pirsane yèn awaké dhéwé wis nglakoni prakara sing èlek-èlek, sing disebut déning Gusti Allah, dosa. Ukumané dosa iku pepati, nanging Gusti Allah banget olèhé ngasihi marang kowé, mula ngirim Putrané Ontang Anting, utawa Putra sing ora ana Tunggalé, asmané Yésus, supaya séda disalib. Yésus diukum sebab dosa-dosamu. Banjur Gusti Yésus wungu manèh saka séda lan kondur menyang Swarga! Yen kowé pracaya marang Gusti Yésus lan nyuwun pangapura tumrap dosa-dosamu, Panjenengané bakal maringi pangapura! Panjenengané bakal rawuh lan urip nang atimu saiki uga, lan kowé bakal urip bareng Panjenengané saklawasé.

Yen kowé percaya yen iki bener, mara matura marang Gusti mengkéné: Gusti Yésus ingkang kawula tresnani, kawula pitados bilih Paduka punika Gusti, lan sampun manjalma dados manungsa supados séda kanggé nyirnaaken dosa-dosa kawula, lan sakpunika Paduka sampun gesang malih. Muji rawuha ing gesang kawula lan apuntenana sedaya dosa kawula, supados kawula nggadahi gesang énggal ing wekdal punika, lan bénjang badhé sesarengan kaliyan Paduka salaminipun. Muji mitulungi kawula supados saged tansah mbangun turut dhumateng Paduka sarta gesang kagem Paduka, dados putra Paduka. Amin.

Maca Kitab Suci lan geguneman karo Gusti Yésus saben dina! Yohanes 3:16

20

Cunthel

34



60

19